# TARIYXÍY ROMANLARDA TARIYXÍY HAQÍYQAT HÁM ULLÍ TULǴALAR OBRAZÍNÍŃ SALÍSTÍRMALÍ-TIPOLOGIYALÍQ ANALIZI

**Bayniyazov Azatbay Tursınbayevich,**
*Qaraqalpaqstan respublikası, Nókis qalası, Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*
*azatbayniyazov2021@gmail.com*

***DOI:* https://doi.org/10.5281/zenodo.14270809**

***Annotaciya:*** *Bul maqalada tariyxıy romanlarda tariyxıy haqıyqat hám ullı tulǵalar obrazı menen baylanıslı máseleler salıstırmalı analizlenedi*

***Tayanısh sózler:*** *tariyxıy roman, shıǵarma, jazıwshı, obraz, turmıs haqıyqatlıǵı, tariyxıy waqıyalar, tipologiya, salıstırmalı analiz.*

Tariyxıy temada jazılǵan shıǵarmalardı oqıw, olardaǵı tariyxıy haqıyqat hám de dóretiwshi kórkem fantaziyasın ańlap jetiw hám oqıw oqıwshıdan kúshli talant jáne ziyreklikti, bilim hám tájriybe talap etedi. Usı mániste ózbek jazıwshısı Erkin Samandar qálemine tiyisli “Sulton Jaloliddin” romanında súwretlengen tariyx haqıyqatı, qaharmanlar kelbeti qanshelli durıs hám isenimli súwretlengenin Jaloliddin Manguberdiniń turmısın sáwlelendiriwshi tiykarǵı derek sıpatında tán alınǵan Shihobiddin Muhammad an-Nasaviydiń “Sulton Jaloliddin Manguberdi ómiriniń bayanı” shıǵarması menen salıstırmalı talqıǵa tartqanımızda birqansha tariyxıy waqıyalardıń isenimli súwretleniwin aydınlastırıwmızǵa járdem boldı.

Xorezm patshalıǵı tariyxınıń qıyınshılıqlı jıllarıń sáwlelendiretuǵın biybaha qoljazba Shihobiddin Muhammad an-Nasaviy qálemine tán bolǵan “Sulton Jaloliddin Manguberdi ómiriniń bayanı” (“Siyrat as-sulton Jalol ad-din Mengburniy”) shıǵarması arab tilinde jazılǵan. Shıǵarmanıń tolıq bolmaǵan eki qoljazbası búgingi kúnge shekem jetip kelgen. Olardan biri – 1260-jılda jazılǵan qoljazbası Parij Milliy kitapxanasında, ekinshisi Britaniya muzeyinde saqlanadı. Bul shıǵarma haqqında batıs tariyxına dáslepki maǵlıwmatlardı XIX ásirdiń ortalarında K.D.Osson alıp kiredi. Alımnıń 1852-jılda Amsterdam qalasında baspadan shıǵarılǵan “Mangollardıń Shıńǵısxannan Amir Temurǵa shekemgi bolǵan tariyxı” dep atalǵan shıǵarmasında bul haqqında keńnen maǵlıwmat berilgen. Keyin bolsa Shıǵıs alımı Oktav Udas “Siyrat”tı francuz tiline kórkem awdarma qıladı hám baspadan shıǵarǵan. Bul shıǵarmanıń dúnya tariyxındaǵı ornı haqqında birqansha maqalalar jazılǵan. Usıdan keyin Batıs tariyxında Jaloliddin Manguberdi haqqında A.Myuller, J.Boyl, V.Fishel, V.Allen, X.Xorst, Kl.Kaen, G.Gottshalk, B.Shpuler sıyaqlı alımlardıń ilimiy

izertlewleri payda boladı. Olar Nasaviy shıǵarmaları menen birgelikte Jaloliddin Manguberdiniń tariyxtaǵı ornına da múnásip baha bergen.

Usı shıǵarmanıń jáne bir bahalı tárepi sonda, eger sol dáwirde xorezmpatshaları hám mangollar ortasındaǵı gúres waqıyaların kópshilik tariyxshılar mangollar tárepinde bolıp bayanlaǵan bolsa, bul shıǵarmada tariyxqa xorezmpatshalıǵı tárepinen bolıp názer taslanadı. Anıǵıraq etip aytqanımızda, sol dáwirdiń basqa tariyxshıları kórip bilmegen tereń haqıyqattı an-Nasaviy jaqsı bilgen hám shıǵarmada kórsete alǵan.

Usı orında, Xorezmpatshalıǵı mámleketiniń ishki turmısı, Turkon hayaldıń mámleket turmısında tutqan ornı, patshalıqtıń ishten sınıp baslawı, qıpshaqlardıń Alovuddin Muhammadqa satqınlıq etiwi, Baǵdad xalıfasınıń xorezmpatshalıǵına suwıq múnásibeti, ádalatlı hám márdana sárkárdf Jaloliddinniń Gruziyaǵa júrisiniń sebepleri, onıń ayyubiy, ismoiliy sultanlar menen ózara baylanısı, olardıń sultonǵa qıyanat etiwi sıyaqlı máseler bar, Nasaviy olardı jańasha tiykarda bayanlaǵan. Sonıń ushın da sol dáwirde hám onnan azı-kem keyin jasap ótken tariyxshılardıń kópshiligi, usı orında, al-Maqdisiy, Abul Fido, ibn Xoldun, al-Fuvatiy, al-Ayniy, al-Xazrajiy, ibn Shaddod, az-Zahabiy, as-Safadiy toplamlarında an-Nasaviydiń bul shıǵarmaǵa Jaloliddin Manguberdi ómiri hám turmısın sáwlelendiriwshi dáslepki isenimli derek dep baha bergen hám de onıń pikirlerinen, maǵlıwmatlarınan kóshirip alǵan.

Jazıwshı, dramaturg, Ózbekstanda xizmet kórsetken jurnalist Erkin Samandardıń “Sulton Jaloliddin” romanında da áyne joqarıda belgilenip ótilgen tariyx portretleri kórkem boyawlar súwreti menen sáwlelendiriledi. Eki derekti salıstırmalı talqıǵa tartqanımızda olarda usınday nátiyjeni kóriwge miyassar boldıq. Avtor Erkin Samandar óz shıǵarmasın jazıwda áyne usı an-Nasaviy qálemine tán tariyxıy derekke tayanǵan hám onda berilgen waqıyalardı obrazlı janlantırǵan. Romannıń dáslepki betlerinde Alouddin Xorezmpatshası menen sultan Jaloliddinniń Xorezm, Buxara hám Samarqand qalasın mangol hújiminen qorǵawda saltanat láshkerlerin territoriyalarǵa bólmey birtutas kúsh penen  batırlıq penen japırılıp kiyatırǵan dushpannıń ústine kúshli júrisi haqqındaǵı  báseki-tartısları óz kórinisin tabadı.

Ulıwma alǵanda, ózbek ádebiyatında tariyxıy derekler tiykarında qayta kórkem ańlatpa bolǵan tulǵalar haqqındaǵı shıǵarmalar Oybektiń “Navoiy”, Odil Yoqubovtıń “Uluǵbek xazinasi”, Pirimqul Qodirovtıń “Yulduzli tunlar”, “Avlodlar dovoni”, “Ona lochin vidosi” shıǵarmaları izertlewshiler tárepinen hártúrli baǵdarlarda hám aspektlerde qanshelli tereń izertlengen bolsa, obekt sıpatında tańlaǵan jazıwshı Erkin Samandar qálemine tán “Sulton Jaloliddin” romanı da áyne usı  shıǵarmalar sıyaqlı keń kólemde izertleniwi kerek ekenligi gúzetildi. Sebebi, avtor romanda tariyxıy

haqıyqattı búgingi hám keleshek áwlad ushın barlıq kúsh-jigeri menen sáwlelendiriwge hareket etti. Tariyxıy dereklerge tiykarlanıp jazılǵan bunday shıǵarmalar ele kóplegen ilim izertlewshilerine ata-babalarımız tórkini kim bolǵanlıǵı, tariyx betlerinde qanday sınawlardı basınan ótkergenligi haqqında uzaqdan xabar beredi, olardıń qálbinde maqtanısh sezimlerin payda etedi. Áyne usınday shıǵarmalar arqalı ullı babalarımızdıń kelbeti, olar haqqındaǵı tariyxıy haqıyqat keleshek áwladlar ushın ózligin biliwde, túsiniwde baǵdarlamasına aynaladı.

Ózbekstan xalıq jazıwshısı, Mámleketlik sıylıqtıń iyesi shayır, jazıwshı, awdarmashı, ádebiyatshı, publicist hám jámiyetlik isker Muhammad Aliniń (Ahmedov Muhammadali) «Sarbadorlar» tariyxıy romanı da birneshe bólimnen ibarat bolıp, ol 1997-jılda Tashkentte “Ǵafur Ǵulom atındaǵı Adabiyot va sanat” baspasında birinshi márte kitap bolıp járiyalandı. Keyin 2011-jılda «Sharq» baspasınan “Sarbadorlar” atamasında (tarixiy roman: dilogiya) bolıp, eki kitap kórinisinde, hár bir kitap bolsa eki bólimnen ibarat bolıp, ulıwma tórt bólimdi óz ishine alǵan shıǵarma retinde oqıwshılarǵa inam etildi. Jazıwshı Muhammad Ali bul romanın 1984-1989-jıllar arasında qosıq qatarları menen jazıp óz dóretiwshiliginde eń birinshi kórkem shıǵarmasın payda etken. “Sarbadorlar” tariyxıy roman: dilogiya kitabına keyingi sózlerdi jazǵan alım Q.Yuldoshev jazıwshı Muhammad Alidi dóretiwshi sıpatında qızıqtırǵan nárse deydi – “Tariyxtıń sırlı hám belgisiz waqıyaları, bir waqıtlar jasaǵan ullı adamlardıń pikir-oyları ózine kóbirek tartqan, usı tárizde ol áste aqırınlıq penen búginnen góre ótmish haqqında kóbirek oylaytuǵın bolıp qaldı. Jazıwshı tariyxqa tereń qarap, abıroyı biyik, maqsetleri ullı bolǵan adamlardı, olardıń sırlı taǵdiri hám kóńil-kúyin súwretlewge umtıladı.»[1:607]. Haqıyqatında da professor Q.Ywldashevtıń aytqanı sıyaqlı jazıwshınıń romanların oqıǵanımızda olarda tariyxıy waqıyalardıń kórkem sáwlesin tawa alamız. Máselen, jazıwshı Muhammad Aliniń “Sarbadorlar” romanında on tórtinshi ásirde bolıp ótken sarbadorlar háreketi hakqındaǵı tariyxıy waqıyalardı kórkem sáwlelendiredi. Shıǵarmadan belgili bolǵanı sıyaqlı insanlardı teń xuqıqlı, puqaralardı baxıtlı, awızbirshilik birlespe, qalanı binyat etiwge bel baylaǵan, ádil patshanı arzıw etken sarbador babalarımız 1365-66-jıllar dawamında Samarqantta hákimiyat bayraǵın bálentke kótergen. Paxta tazalawshı máhelleniń aqsaqalı Abu Bakr Kalaviy, Mergen Xwrdak Buxoriy, ilmli-bilimli shaxs Mavlonozoda sıyaqlı ápiwayı xalıq wákilleri mámlekettiń basına keledi. Romanda Amir Temurdıń tariyx maydanındaǵı birinshi qádemleri súwretlengen, otız jaslı saqıpqırannıń jarqın kelbeti sızıladı. Tariyxtan belgili bolǵanı sıyaqlı Sarbadorlar qozǵalańı – on tórtinshi ásirde Iyran hám Orta Aziyada baylar hám mangollar zulmına qarsı kóterilgen xalıq qozǵalańı bolıp

tabıladı. Birinshi úlken qozǵalań 1337-jıl Sabzavor hákiminiń jiyeni Boshtin awılına kelip, xalıqqa zulım etiwi nátiyjesinde júzege kelgen. Ózlerin sarbadorlar dep Sarbadordı iyelep Sarbadorlar mámleketin qurǵan hám Nishopur, Tustı da iyeleydi. 1353-jıldıń aqırında mangollar elxonin óltirip, ordasın wayran etip Gurgon (Astrabat)tı ta óz mámleketlerine qosıp alǵan. Bul dáwirge kelip Sarbadorlar mámleketine Qubla Xurosan da kirgen.

Hámmemizge málim shayır hám oyshıllar, sheyx-wáliyler kelbeti súwretlengen tariyxıy hám tariyxıy-biografiyalıq romanlarda hár bir xalıqtıń tanımalı wákilleriniń táǵdiri social-filosofiyalıq tiykarda túsiniledi [3]. Usı kózqarastan "Bunday romanlarda adam ruwxı sáwlelendiriliw menen bir qatarda, hújjet hám kórkemlik óz-ara birlesedi. Sonıń ushın bul tiptegi romanlardı diniy, tasawwıf hám tariyxıy-ádebiy derekler menen salıstırıw zúrúrligi payda boladı. Olarda tek ǵana xronikal, bálki associativ hám konsentrik syujet tiplerinen de paydalanıladı. Kórkem ideya hám tematikanı ashıp beriwde dástúriy motivlerge ámel etilse de, mákan hám waqıt shegaraları keńeyedi." [2:24]. Usı pikirdi ózbek jazıwshısı Sadulla Siyoevtıń "Ahmad Yassaviy" roman-dilogiyası mısalında da kóriwge boladı. Belgili ózbek jazıwshısı S.Siyoev (1939-2021) tariyxıy roman jazıwda da qálemin sınap kórdi. Onıń 1993-jılda «Yassaviyning swnggi safari» romanınıń birinshi kitabı, 1997-jılda bolsa «Haqiqat ywli» dep atalǵan ekinshi kitabı baspadan shıqtı. Keyin ala "Ona yurt shamollari" atamasındaǵı romanlarınan ibarat "Ahmad Yassaviy" roman-dilogiyasın oqıwshılarǵa inam etti. Bul dilogiyanıń júzege keliwinde birneshe turmıs hám ádebiy-ilimiy tiykarlar bar. Bul tiykardıń eń dáslepkisi retinde ózbek alımları romanǵa tiykar bolǵan tariyxıy shaxs – Xoja Axmet Yassawiy Oraylıq Aziyada XII ásirde payda bolǵan dáslepki tasawwıf tarıqatınıń tiykarın salıwshı ekenin belgileydi.[4].Tariyxıy dereklerden belgili bolǵanı sıyaqlı Axmet Yasawwıy Xoja Yusuf Xemedanıydıń shákirtlerinen biri bolǵan, belgili tarıqat piyri esaplanǵan xojaǵan-naqıshbandiya tarıqatınıń tiykarın salıwshı Xoja Abduxoliq Gijduwanıydıń sáwbetlesetuǵın adamlarınan biri bolǵan. Jazıwshı S.Siyoevtıń "Ahmad Yassaviy" tariyxıy-biografiyalıq xarakterde jazılǵan bolıp, onda ullı shayx Axmet Yassawiydıń ómiri hám turmısı, dóretiwshiligi, el-xalıq ushın xızmetleri, diniy-filosofiyalıq kózqarasları, Quday tárepinen inam etilgen kúdiretli kúshi, kámillikke jetisiw jolındaǵı xızmetleri hám t.b. súwretlengen. Romannıń syujeti shayır-shaxs Axmet Yassawiydiń Mekkege saparǵa barıwǵa tayarlıq kóriw waqıyaların súwretlewden baslanadı. Sonıń menen birge shayır-shaxstıń aqıl-iradası, ilim-pán, din jolındaǵı xızmetleri sebepli túrli ellerde bolıwı, shákirtleri menen alıp barǵan hár túrli temadaǵı básekeleri,

qıyınshılıqlı jaǵdaylardı ótkir bayqawı menen sheshiwi, qaharman ruwxındaǵı túskinlik halatlar sıyaqlı waqıyalardı óz ishine aladı.

Usınday romanda tariyxıy waqıyalardı sáwlelendiriw qaraqalpaq tariyxıy romanlarında da bar. Máselen, ilimpaz P.Nurjanov jazıwshı K.Karimovtıń «Dárwish» romanın tallay otırıp, onda tariyxıy haqıyqatlıqtıń isenimli súwretleniwi haqqında mınanday pikirlerdi bildiredi. "K.Karimov romanda Ísaq molla obrazın hár tárepleme ashıw maqsetinde qıyalıy obrazlardan da sheberlik penen paydalanǵan. Máselen, molla Ísaqtıń sadıq dostı, jan qońsısı Yusup xoja menen ótkergen balalıq jılların avtor júdá tásirli, sol dáwirdegi tariyxıy haqıyqatlıq penen tıǵız baylanıslı túrde súwretlegen: XIX ásirdiń birinshi yarımındaǵı Qońırattaǵı dramatizmge tolı waqıyalar-qaraqalpaqlardı, bir jaǵınan, Xiywa xanlıǵınıń eziwi, ekinshi tárepinen, túrkmen basqınshılarınıń zorabanlıq háreketleri, úshinshi jaǵınan, rus patshalıǵınıń siyasiy oyınları-bulardıń hámmesi oqıwshınıń súwretlenip atırǵan tariyxıy dáwir haqqında keń túsinik alıwına imkaniyat jaratadı. Usı tariyxıy waqıyalar fonında roman syujeti rawajlanıp, qaharmanlar obrazı ashılıp baradı. Nátiyjede hadallıq penen nahaqlıq, jawızlıq penen mehribanlıq qusaǵan sıpatlardıń óz-ara gúresin Ísaq molla obrazına baylanıstırıp súwretlew oqıwshıda úlken tásir qaldıradı. Jazıwshı Ísaq molla ómir súrgen jıllardaǵı (1836-1892) Qońırat jurtındaǵı waqıyalarǵa óz qatnasın bildiriw arqalı qaharmanlar obrazın jaratadı. Máselen, jas Ísaq molla menen onın dostı Yusup xojanıń óz eli tariyxına bolǵan qızıǵıwshılıǵına itibar beriw arqalı olardıń kókiregi oyaw, sergek jaslar ekenligin kórsetedi: eki jas óspirimniń Qońırat qalası janındaǵı Tórebiy dáwirinen qalǵan estelikler, usı jerden ótetuǵın jipek jolı, onnan qońırawları sıńǵırlap ótip turǵan kárwanlar tuwralı qıyalǵa beriliwi, Ámiwdárya arqalı júzip kelgen rus paroxodın kórgendegi jergilikli xalıq wákilleriniń tań qalısıwı h.t.b. hádiyseler romanda ózine tartımlı janlı kartinalar, syujetlik detallar menen súwretlengen. Álbette, bulardı súwretlewde avtor tariyxıy dáreklerdegi faktlerge súyengen, olardı óz dóretiwshilik fantaziyası menen bayıtqan."[5:137].

Túrkmen jazıwshısı Annatagan Nurgeldiev óziniń "Bayram xan" romanınıń júzege keliwi jóninde mınanday pikirlerdi bildiredi: "Bayram xannıń ómirine, turmısına tiyisli anıq maǵlıwmatlardı biliwden basqa da sol dáwir siyasiy, ekonomikalıq jaǵdaylarınan da bas alıp shıǵıw kerek. Onnan keyin oqıwı tiyis bolǵan nárselerdiń dizimin dúzdim." [6:33]. Haqıyqatında da jazıwshınıń aytqanınday ullı tulǵa Bayram xan obrazın jaratıw ushın onıń ómiri hám dóretiwshiligine, jasaǵan dáwiri, sol dáwir mádeniyatı, qalaları, Hindistan hám shıǵıs xalıqlarınıń dinine, úrp-ádetlerine, tiline, áskeriy qaǵıydalarına tiyisli kitaplardı, kórkem shıǵarmalardı oqıp bilmegen dóretiwshi bul temadaǵı shıǵarmanı jaza almaydı. Sebebi, hámmemizge

málim dóretiwshiliktiń te ózine tán qıyınshılıqları bar, ásirese, tariyxıy roman jazıw jazıwshıdan úlken tayarlıqtı, sheberlikti, turmıs haqıyqatın kórkem haqıyqat penen uyǵın halda súwretlewdi talap etedi.

Mine, Annatagan Nurgeldievtiń "Bayram xan" tariyxıy romanında usı talaplar basshılıqqa alınǵanı gúzetiledi. Romanda Bayram xannıń jasaǵan zamanı, hár túrli tariyxıy waqıyalar, tariyxıy shaxslar, olardıń ózine tán qásiytleri súwretlenedi. Tiykarınan alǵanda, óz dáwiriniń túrli turmıs waqıyalarınıń arasında háreket etetuǵın Bayram xannıń táǵdiri, xarakteri, adamgershilik pazıyletleri, márt–márdanalıǵı, danalıǵı, sárkerde bolıw uqıbı tereń ashıp kórsetiledi. Bunda jazıwshı tiykarınan shayır-shaxstıń biografiyalıq qosıqlarınan, ádebiy miyrasınan paydalanǵan. Bayram xannıń hár túrli waqıttaǵı ruwxıy halatın onıń óziniń jaratqan qosıq qatarları menen aydınlastırǵan. Romanda on altınshı ásir tariyxı, social, siyasiy waqıyaları, mangollar imperiyasınıń alıp barǵan áskeriy sawashları, sol dáwir turmıs waqıyaları keńnen bayanlanǵan.

Joqarıda talqıǵa tartqan shıǵarmalardıń ózine tartatuǵın ruwxıy kúshi onda jaratılǵan tariyxı shaxslardıń: patsha, xan, sárdarlardıń obrazınıń dóretiliwi, tariyxıy waqıyalardıń sáwlelendiriliwi onda qollanılatuǵın kórkemlew qurallarınıń, xalıq tiliniń naqıllar hám atalar sózi, úrp-ádet, dástúr menen baylanıslı waqıyalardıń qollanılıw ózgesheliklerine baylanıslı bolıp tabıladı. Shıǵarmalarda xan-sárdarlardıń, patshalardıń, sárkárdalardıń obrazları, waqıyalardıń bolıp ótetuǵın orınlarınıń bayanlanıwı, isenimli kórkemlew qurallarınıń orınlı qollanılıw dárejesi menen anıqlanadı. Sonıń menen birge zamanagóy ózbek, qaraqalpaq hám túrkmen romanlarındaǵı obrazlar turmıs haqıyqatına jaqınlıǵı menen de ayrılıp turadı. Jazıwshılardıń kórkemlik sheberligine gúwalıq etetuǵın dáliyller de kóp ushırasadı. Usı kózqarastan baǵdar alıp jazıwshılar házirgi dáwirde tariyxıy shaxslardıń obrazların keń hám tereń milliy mazmunda súwretlewge háreket etken. Jazıwshılar qaharmanlardıń tek ǵana sırtqı háreketler menen baylanıslı rawajlanatuǵın, sheshiletuǵın konfliktler tiykarında syujetti qurıw menen sheklenbey, al sol qaharmanlardıń ruwxıy dúnyasın, psixologiyasında payda bolatuǵın tartıslı jaǵdaylardı, kózqarasların aydınlastırıwǵa háreket etedi. Usı kózqarastan baǵdar alıp, anıq xarakterdiń turmıs menen baylanısların aydınlastıradı.

**Paydalanílǵan ádebiyatlar:**

1. Muhammad Ali. Sarbadorlar. Tarixiy roman: dilogiya. So'ngi so'z muallifi Qozoqboy Yo'ldosh. «Sharq» nashriyot-manbaa aktsiyadorlik kompaniyasi Bosh taxririyati, 2011. –B. 607.

2. Samandarova N. Istiqlol davri o‘zbek tarixiy romanlarida shoir va mutafakkirlar obrazining yangicha talqinlari (S.Siyoyev, O.Muxtor va E.Samandar romanlari misolida). Filol. fanl. bo‘yicha fals. doktori disser. Urganch,2024. -Б. 24.
3. Omanova M. Istiqlol davri o'zbek romanlarida shayx-valiylar obrazining badiiy talqinlari. Filol. fanlari bo'yicha falsafa d-ri...diss. – Jizzax 2022.
4. Haqqul I. Ahmad Yassaviy. – Toshkent: Adabiyot va san'at, 2001; Islam – entsiklopedicheskiy slovar'. – Moskva: Nauka, 1991;
5. Nurjanov P. 2000-jıllardağı qaraqalpaq romanı: tariyxıy dárek hám jazıwshınıń kərkem qıyalı. Ilim hám jámiyet. №4. 2022. –B. 137-138.
6. Tuwakow M. Türkmen edebiýatynyň möhüm meseleleri. -B. 33.